

## **Kòman mwen aplike pou sèvis nan men Biwo Leta Nouyòk**

### **Pou Moun ki Gen Andikap Devlopman (OPWDD) ?**

#### **LIY TELEFONIK ENFÒMASYON SOU OPWDD 1-866-946-9733**

OPWDD, atravè Biwo Sèvis pou Andikap Devlopman (DDSO) lokal li yo nan chak vwazinaj, detèmine si yon moun gen yon andikap devlopman epi si l elijib pou sèvis OPWDD finanse yo. Li enpòtan pou konnen lè w elijib pou sèvis OPWDD, sa pa vle di nesèman ke w elijib pou sèvis bien detèmine. Pa egzanp, yon moun gen dwa elijib pou sèvis OPWDD an general, men li pa elijib pou sèvis rezidansyèl OPWDD yo. Fich enfòmasyon an dekri pwosesis ki genyen pou cheche yon detèminasyon ke yon moun elijib nan yon fason jeneral pou sèvis OPWDD yo.

### **DEFINISYON ELIJIBILITE POU OPWDD**

**Elijibilite pou OPWDD** egzije :

1) Dokimantasyon sou prezans yon andikap devlopman (DD) ki kalifye ;

**AK**

2) Andikap la te kòmanse anvan laj 22 an ; **AK**

3) Yo atann ke moun nan ap toujou gen andikap sa a nan lavni a ; **AK**

4) Prèy yon gran andikap nan kapasite pou fonksyone, akòz de andikap sa a.

### **ANDIKAP KI KALIFYE**

**Andikap devlopman ki kalifye selon OPWDD** yo se : Andikap Enteleksyèl (ID ak nenpòt kondisyon ki « gen yon lyen etwat » ak ID, Twoub Echèl Otis (TSA), Paralizi Serebral (CP), Epilèpsi, yon Andikap Newòlojik, ak Dislèksi (men pa sèlman sou baz dyagnostik la).

### **KONSÈY :**

- Idantifye jistifikasyon elijibilite a (pa egzanp, si aplikan an gen yon QI ki depase 70 men li fè otis, idantifye otis kòm jistifikasyon pou demann elijibilite a)
- Jwenn yon rapò nan men yon ekspè epi remèt li
- Si aplikan an toujou lekòl : Revize relve nòt li yo pou asire li konplete tout tès ki nesè yo.

- Itilize deklarasyon yon paran oswa yon lòt moun ki ka bay yon rapò konsènan limitasyon timoun nan ap fè fas poutèt andikap devlopmantral la.

## **ETAP 1 NAN PWOSESIS APLIKASYON AN (« PÒT DEVAN AN »)**

- ❖ Fin ranpli yon fòmilè aplikasyon w ka telechaje nan [https://opwdd.ny.gov/sites/default/files/documents/eligibility\\_transmittal\\_form\\_0.pdf](https://opwdd.ny.gov/sites/default/files/documents/eligibility_transmittal_form_0.pdf)
- ❖ Tout fòmilè ak enfòmasyon ki sou sitwèb OPWDD a konsènan elijibilite a atravè « bouton tradiksyon an sou bò dwat paj wèb la »
- ❖ Tout aplikasyon dwe remèt bay bon Biwo Rejyonal Andikap Devlopmantral (DDRO) OPWDD a.
- ❖ Demandan an, yon manm nan fanmi l, distri lekòl la, oswa yon pwofesyonèl k ap founi sèvis bay moun nan gen dwa remèt aplikasyon an.
- ❖ Chak aplikasyon dwe gen ladan l dokimantasyon andikap devlopmantral aplikan an.
- ❖ Chak aplikasyon dwe enkli tou :
  - rezilta yon tès Kwosyan Enteleksyèl (QI) ;
  - rezilta yon tès fonksyonman adaptif (nòmalmman yon tès Vineland) ;
  - yon rapò sikososal ; **AK**
  - dosye medikal.

Nan etap sa a, DDRO a gen dwa swa twouve demandan an elijib epi voye yon avi de desizyon favorab la bay li, oswa detèmine ke dosye a mande plis revizyon. DDRO a **pa** gen pèmisyon pou l refize yon aplikasyon pandan Etap 1.

## **ETAP 2 NAN PWOSESIS APLIKASYON AN (REVIZYON APLIKASYON AN)**

- ❖ Si DDRO a detèmine ke aplikasyon an mande plis revizyon, DDRO a dwe voye yon avi alekri bay demandan an pou di l dosye a pòko apwouve epi key o voye l bay yon lòt ekip anndan DDRO a pou yon lòt revizyon.
- ❖ Moun k ap revise aplikasyon an dwe aksepte nouvo enfòmasyon oswa jistifikasyon nan men demandan an epi yo gen dwa mande plis enfòmasyon nan men demandan an.
- ❖ Lè sa a, moun k ap revize dosye a gen dwa twave demandan an swa elijib, swa pa elijib. DDRO a dwe voye yon lèt bay demandan an pou mete l okouran de detèminasyon li an.
- ❖ Yon demandan ki pa elijib alafen Etap 2 gen dwa mande yon reyinyon fasafas ak ekip revizyon Etap 2 a pou pale de rezon ki genyen pou desizyon yo te fè a.

### **ETAP 3 NAN PWOSESIS APLIKASYON AN (APÈL ALEKRI)**

- ❖ Yon moun ki te reseva detèminasyon ki di l **pa** elijib pandan Etap 2 gen dwa mande yon revizyon Etap 3. Si demandan an te enkli yon demann pou nenpòt sèvis Medicaid finanse, demandan an gen dwa tou pou l mande yon odyans jis avèk Medicaid nan etapa sa a. Avi yo te voye pou bay desizyon nan Etap 2 a pral bay enfòmasyon konsènan fason pou mande yon odyans.
- ❖ Yon revizyon Etap 3 se sèlman yon revizyon de enfòmasyon ki nan dosye a. Li pa gen ladan l yon reyinyon fasafas.
- ❖ Demandan an kapab bay plis enfòmasyon oswa nouvo enfòmasyon pandan apèl Etap 3 a epi l ka voye yon lèt ki gen jistifikasyon ki di poukisa l dwe elijib.

### **ETAP 4 NAN PWOSESIS APLIKASYON AN (APÈL AK YON PWOSEDI EKITAB)**

- ❖ Yon demandan gen **60 jou pou mande yon pwosedi ofisyèl nan men Biwo Èd Tanporè ak Èd pou Andikap Leta Nouyòk la (« OTDA »), Biwo Pwosedi Administratif** apre yo twouve l PA elijib nan Etap 3. Ou kapab jwenn enfòmasyon an ak fòmilè yo nan <https://otda.ny.gov/hearings/request/>

### **PLIS ENFÒMASYON**

Demandè yo gen dwa kontakte yon kowodonatè elijibilite OPWDD nan Rejyon yo a : [https://opwdd.ny.gov/opwdd\\_services\\_supports/eligibility/documents/eligibility\\_contacts\\_ddsos](https://opwdd.ny.gov/opwdd_services_supports/eligibility/documents/eligibility_contacts_ddsos).

Pou aprann plis konsènan fason Leta a define yon andikap devlòpmantal epi kiyès ki gen dwa mande sèvis : [https://opwdd.ny.gov/opwdd\\_services\\_supports/eligibility/faqs#q5](https://opwdd.ny.gov/opwdd_services_supports/eligibility/faqs#q5).

### **KONSEY**

- Idantifye jistifikasyon elijibilite a (pa egzanp, si aplikan an gen yon QI ki depase 70 men li fè otis, idantifye otis kòm jistifikasyon pou demann elijibilite a)
- Jwenn yon rapò nan men yon ekspè epi remèt li
- Si aplikan an toujou lekòl : Revize relve nòt li yo pou asire li konplete tout tès ki nesèsè yo.
- Itilize deklarasyon yon paran oswa yon lòt moun ki ka bay yon rapò konsènan limitasyon timoun nan ap fè fas poutèt andikap devlòpmantal la.